


Bhaibheri re vana Rikukupai

Jesu anosarudza vadzidzi gumi navaviri



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Story 39 of 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Shona

Jesu akaita zvishamiso. Akaporesa vakange vaine zvirwere, rugare kune vakanga vakaremerwa mumoyo nemupfungwa pamwechete nokudzidzisa shoko raMwari.



Vanhu vazhinji vakauya kuna Jesu vachitsvaga rubatsiro nokuporeswa.



Akasarudza varume vanoita gumi navaviri pakati pavaimutevera, kuti vamubatsire kuita basa raMwari.



3

Kana uchida kuita sarudzo yakakosha unonamata kuna Mwari here? Jesu akanamata! Munzvimbo yegomo yakanga yakanyarara, Jesu akataura nababa vake kudenga. Jesu akanamata kusvika zuva ranyura.




4



Jesu akanamata husiku hwese.


5

Kuzoti ava mangwanani, Jesu akadana vatevedzeri vake-shamwari dzake dzose nevakange vamuteerera.




6

Pakati pavo, Jesu akasarudza gumi nevaviri kuti vave vabatsiri kana vaapositori.




7

Vakomana vaviri vakasarudzwa naJesu vakanga vari Simoni anonzi Petro na Andhirea. Vakasiya basa rokuredza hove apo Jesu akavadana.



8

Zvakare, Jakobho na Jona, vanakomana vaZebhedhi vakasiya mambure avo okuredza hove.



9

Jesu akasarudza Firipi, Bhatomeo, Mateo, Tomasi, Simoni muZiroti, Jakobho mwanakomana waArifeasi, Judhasi mwanakomana waJakobho, naJudhasi Isikarioti, uyu akazova mupanduki.




10

Jesu akadzidzisa kuti kuita sezvaanoreva kwakafanana nokuvaka imba paruware. Mhepo inesimba ikavhuvhuta imba iyi haiparari.



11

Asi kusateerera shoko raMwari kunenge kuvaka imba pajecha. Mhepo ikauya, imba iyi inoparara.



12

Zvimwe zvidzidziso zvaJesu zvakanga zvisiri nyore. Akadzidzisa achiti, "Kana munhu akakurova padama rorudyi, umurinzire rimwevo. Iva nerudo kuvavengi vako." Vanhu vanoda rubatsiro rwaMwari kuti vakwanise kurarama saJesu.



13

Jesu akavaudza zvakare kuti vanamate pakavanzika-kwete kushamisira nomunamato pamberi pevanhu sezvaiitwa nevamwe vatungamiri vemweya.



14

Jesu akati Mwari
achapa zvokudya
nokupfeka kuna
vanhu vanomotenda.



15

Sezvo Mwari achipa
chikafu kune shiri
namavara anoyevera
kumaruva nemiti, vanhu
vanokwanisa kutenda kuti
anovapa zvavanoda.



16

Jesu akadzidzisa
vadzidzi vake zvizhinji
zuva iroro. Mushure
mokunge apedza, munhu
akanga akaremara
akauya achikumbira
rubatsiro.



17

Jesu akadaira achiti, "Ndinoda. Chinatswa."
Vadzidzi vake vachitarisa, chirema chakaporeswa.

Mwanakomana waMwari
chete akakwanisa kuita
izvi. Vadzidzi vakaziva
kuti vakanga vaine
mutungamiri mukuru.



18

Jesu anosarudza vadzidzi gumi navaviri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 4-7, Mako 1, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Mwari anoziva kuti takaita zvakaipa, zvaanoti
zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

Mwari anotida akatuma mwanakomana wake, Jesu,
kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka**
akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera
zvitema zvedu.

Kana uchida kusiya zvitema, taura izvi kuna Mwari:
Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve.
Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu,
ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva.
Ndibatsireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Amen.
Johani 3:16

**Verenga Bhaibheri kuti mutaure
neMwari mazuva ese!**